दिन—गुरूवार दिनांक—28.11.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

विधानसभा मे बिजलीक स्मार्ट प्रीपेड मीटर के लऽकऽ आइ जमिकऽ हल्ला—गुल्ला भेल। विपक्षक सदस्य सभ ई मुद्दा के लऽकऽ सदन मे कार्य स्थगन प्रस्ताव लऽकऽ आयल छलाह। प्रश्नकालक बाद विधानसभा अध्यक्ष एहि के अस्वीकृत कऽ देलनि, जाहि के लऽकऽ विपक्षी दल राजद आओर महागठबंधनक आनो—आन पार्टीक सदस्य सभ सदनक बिचो—बिच आबि गेलाह। एहि बिच राष्ट्रीय जनता दलक भाई विरेन्द्र आओर किछु आनो—आन सदस्य सभ सत्तापक्षक कुर्सी पर बैसि गेलाह। एहि पर विधानसभा अध्यक्ष नन्द किशोर यादव कड़गर कार्रवाइक चेतावनी देलनि। हल्ला—गुल्लाक बिच अध्यक्ष सदनक कार्यवाही दुपहर दू बजे धरि लेल स्थगित कऽ देलनि। फेर सँ जखन सदनक कार्यवाही शुरू भेल तऽ राजदक सदस्य सभ पुनः सदनक बिचो—बिच आबि कऽ नारा लगाबय लगलाह। एहि बिच अध्यक्ष चालू वित्तीय वर्ष लेल द्वितीय अनुपूरक बजट मे समाज कल्याण विभाग पर चर्चा शुरू करौलनि। सदनक कार्यवाही शुरू भेला सँ पहिने विपक्षक सदस्य सभ पोस्टर—बैनरक संग सदनक बाहर सेहो प्रदर्शन कयलनि।

---

राज्य सरकार जनौलक अछि जे प्रदेश मे डी.ए.पी. खादक कोनो कमि नहि अछि। विधानसभा मे एक प्रश्नक उत्तर मे कृषि मंत्री मंगल पांडेय जनौलनि जे किसान सभ के पन्द्रह नवंबर सँ पन्द्रह दिसंबरक बिच खादक जरूरत होयत अछि आओर राज्य मे एक लाख उनचास हजार मीट्रिक टन खादक जरूरत अछि। जाहि मे सँ सत्तरि प्रतिशत खाद केन्द्र सरकार दऽ देलक अछि।

---

एम्हर, संसदक दुनू सदनक कार्यवाही विपक्षी सदस्य सभक हल्ला–गुल्लाक कारण आइ दिनभरि लेल स्थगित कऽ देल गेल। जखनहि लोकसभाक कार्यवाही शुरू भेल तऽ कांग्रेस, समाजवादी पार्टी, डी.एम.के आओर आनो–आन विपक्षी दल एक पैघ व्यापारी समूहक खिलाफ लगाओल गेल घूसक आरोप सहित कतेको मुद्दा के लऽकऽ हल्ला–गुल्ला कयल गेल। एहि सँ पहिने भेल उपचुनाव मे जीतल कांग्रेसक प्रियंका गांधी वाड्रा आओर भाजपाक रविन्द्र वसंत राव चौव्हान के लोकसभा मे सांसदक रूप मे शपथ दिआओल गेल। एम्हर, राज्यसभा मे सेहो हल्ला–गुल्लाक कारण आइ कार्यवाही बाधित रहल। उच्च सदन मे विपक्षक हल्ला–गुल्लाक बिच सभापति सदन के दिनभरि लेल स्थगित कऽ देलनि।

———————————————————————

लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक अध्यक्ष आओर केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान जनौलनि अछि जे दू हजार पचीसक विधानसभा चुनाव मे एन.डी.ए. राज्य मे दू सय पचीस सँ बेसि सीट जीतत। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे हालहि मे भेल महाराष्ट्र विधानसभा चुनाव आओर उपचुनाव मे एन.डी.ए. बढ़िया प्रदर्शन कयलक अछि, जाहि सँ गठबंधन बेसि मजगूत भेल अछि।

———————————————————————

राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आइ पटनाक ज्ञान भवन मे तीन दिवसीय बिहार राष्ट्रीय डाक टिकट प्रदर्शनी, बिपेक्सक उद्घाटन कयलनि। बिपेक्स दू हजार चौबीस प्रदर्शनी मे बीस हजार दुर्लभ डाक टिकटक प्रदर्शन कयल गेल अछि। एहि मे विश्वक पहिल डाक टिकटक सेहो प्रदर्शन कयल गेल अछि। तांबाक ई टिकट बिहारक पटना सँ अजीमाबाद एकन्नी आओर दुअन्नी नाम सँ सतरह सय चौहत्तरि मे जारी कयल गेल छल। बिहारक मुख्य पोस्ट मास्टर जेनरल अनिल कुमार जनौलनि जे प्रदर्शनी मे देशक कतेको क्षेत्रक एक सय तिरपन डाक टिकट संग्रहकर्ता आओर फिलाटेली के जानकार सभ भाग लऽ रहल छथि। लोकसभ के एहि सँ ज्ञान, मनोरंजन आओर टिकटक रंगारंग दुनिया सँ परिचित होयबाक मौका भेटत।

———————————————————————

केन्द्रीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारमण काल्हि उनतीस नवंबर कऽ दरभंगाक दौरा करतीह। वित्त मंत्री राज मैदान मे आयोजित उद्यमिता विकास कार्यक्रम मे करीब छओ हजार लाभुक सभ के कौशल युवा कार्यक्रम में एगारह हजार करोड़ टाका सँ बेसीक ऋण बांटतीह। स्थानीय सांसद डॉक्टर गोपालजी ठाकुर जनौलनि जे एहि मे शिक्षा ऋण, डेयरी विकास आओर कृषि सँ जुड़ल ऋण सहित आनो–आन योजना लेल युवा सभ के ऋण देल जायत।

---

दरभंगा–समस्तीपुर रेलखंडक लहेरियासराय स्टेशन लऽग आर.ओ.बी. बनबाक काजक कारण मेगा ब्लॉक सँ आइ कतेको रेलगाड़ीक आवाजाही प्रभावित भेल। हमर मधुबनी संवाददाता जनौलनि अछि जे जयनगर–समस्तीपुर आओर कतेको आनो–आन पैसेंजर रेलगाड़िक समापन दरभंगा स्टेशन पर कऽ देल गेल। ओतहि, जयनगर सँ दानापुर चलयवला इंटरसिटी एक्सप्रेस, जयनगर सँ लोकमान्य तिलक टर्मिनल, मुम्बई धरि चलयवला पवन एक्सप्रेस सहित कतेको ट्रेन बेस विलंब सँ चलल।

---

उत्तर पछिया हवा चलला सँ राजधानी पटना सहित प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे ठंढ़ा बढि गेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे रोहतास जिलाक डेहरी राज्यक सभ सँ बेसी ठंढ़ा स्थान रहल। जतय न्यूनतम तापमान नओ दशमलव पाँच डिग्री सेल्सियस रहल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बिच ठंढा आओरो बढत। एहि बिच सारण, मुजफ्फरपुर, वैशाली, दरभंगा, समस्तीपुर सहित राज्यक उत्तरी क्षेत्र मे कतेको ठाम घनगर कुहेस छाओल रहत।

---

समाप्त